



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU OGMANTE PWOTEKSYON POU
TIMOUN IMIGRAN KI NAN ETA NEW YORK LA YO**

***Gouvènè a Siyen Pwojè-Lwa pou Pèmèt Paran Imigran yo Nonme yon
Reprezantan Legal Ranplasan***

***Gouvènè a Siyen Pwojè-Lwa Adisyonèl pou Pèmèt Paran yo Idantifye Èd Adomisil
Tanporè pou 12 Mwa***

Jodi a, Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon pou ogmante pwoteksyon pou timoun imigran ke yo te retire nan men fanmi yo kòm konsekans politik kriyèl “zewo tolerans” Administrasyon Trump lan. Lejislasyon an pral ofri paran ke yo detni nan New York la yo, oswa ke eta nan pwosesis depòte yo, yon opòtinite pou yo nonme yon moun yo chwazi pou ranplase yo epi ofri swen ijans pou timoun yo.

“Fason enpitwayab Administrasyon Trump lan ap trete timoun imigran yo vyole pwoteksyon egal yo epi yo kite yon tach lèd nan istwa peyi nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou pran mezi jodi a, nouvo pwoteksyon sa yo ap voye yon mesaj byen fò ak byen klè ki di ke New York pap janm abandone prensip ki te mentni ak nouri eta ak nasyon sa a depi byen lontan yo, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje sante ak byenèt timoun inonsan sa yo.”

“Pandan kriz imanitè k ap fèt sou fwontyè nou an kontinye, yon lòt fwa ankò New York ap ede fanmi k ap soufri akòz mezi ostil gouvènman federal la yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, nan seremoni jodi a.** “Avèk lejislasyon sa a, paran imigran yo ke New York nan pwosesis pou potansyèlman depòte yo ka chwazi yon responsab legal ke yo konnen epi yo fè konfyans pou pran swen timoun yo. Avèk anpil santèn timoun y ap mete nan etablisman ki nan New York yo epi k ap lite ak twoma akòz yo te retire yo nan men fanmi yo, sa se yon pa enpòtan n ap pran vè lavan. Nou pral kontinye lite kont politik imigrasyon kriyèl administrasyon Trump lan epi asire ke yo pwoteje dwa ak libète imigran yo.”

Kòm konsekans politik prejidisyab federal yo epi nan ka kote Eta New York ka detni oswa depòte yo de fason enprevi, paran ki gen timoun ki abite nan Eta New York la yo bezwen gen opsyon eta preparasyon pou yo planifye pou swen ijans ak kontwòl pitit yo.

Pwojè-Lwa sou Responsab Legal Ranplasan an (Standby Guardian Bill)

Aktyèlman la, yon paran ki nan New York ka sèlman dezinye yon responsab legal ranplasan pou pitit li nan ka kote li gen yon (i) enkapasite, (ii) debilitasyon ak konsantman, oswa (iii) lanmò. Pwojè-lwa (A.7899/S.6217), ke Gouvènè a te siyen jodi a, pral imedyatman pèmèt pou otorite yon responsab legal ranplasan kòmanse lè ak si yo retire yon timoun - ki swa gen papyè oswa ki san papyè - nan men paran yo. Lejislasyon an atribiye tribinal la tou kapasite pou yo nonme yon avoka pou timoun lan apresa, pou li ka rekòmande si nominasyon responsab legal ranplasan nan pi meyè enterè timoun lan.

Pwojè-Lwa sou Èd Adimisil Tanporè a (Temporary Caretaker Bill)

Jan yo otorize sa a dapre Lwa Obligasyon Jeneral (General Obligations Law) aktyèl la, fòmilè dezinyasyon parantal yo ofri yon mekanis pou paran yo fè aranjman alavans epi pou yo dezinyen yon responsab san yo pa bezwen ale nan tribinal pou fè sa a. Lwa sa a pèmèt pou aranjman sa dire jiska sis mwa. Dezyèm pwojè-lwa Gouvènè te siyen jodi a, (A.7905/S.6016) imedyatman modifye lwa sa a pou pwolonje peryòd tan an rive 12 mwa kote yon moun ka sèvi nan kapasite sa a.

Senatè Diane Savino te deklare, “New York bouke ak politik prejidisyab, kriyèl gouvènman federal sa a te oprime sou nasyon nou an. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou pral kontinye lite kont li epi ranfòse pwoteksyon pou Nouvo Ameriken yo, ki gen ladan timoun yo, ki pa koupab epi ki twouve yo trape nan pas-zam politik mechan yo. Lejislasyon sa a yo siyen jodi a pral ede asire ke gen yon moun paran yo fè konfyans k ap pran swen timoun sa yo”.

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, “Istwa akeyan ak pwotejan New York genyen anvè imigran yo defini atravè yon nouvo etap enpòtan avèk lejislasyon sa a yo siyen an ki pral ede kenbe fanmi yo asanm lè yo ka fè aranjman pou yon responsab legal ranplasan. Mwen fyè pou m prezante pwojè-lwa sa a ak Senatè Savino, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou mezi rapid li pran ak lidèchip li pou fè pwoteksyon sa yo vin yon reyalyte pou anpil fanmi k ap viv nan New York depi byen lontan. Byenke pifò travay la rete pou fèt, nouvo lwa sa a pral sèvi kòm yon zouti nesèsè pou paran yo pou yo asire swen ak sekirite timoun yo”.

Senatè Tony Avella te di, “Mwen fyè pou m sipòte efò Gouvènè Cuomo kontinye fè pou lite anfavè dwa imigran nan New York la yo. Dènye mezi sa a pral sekirize kapasite paran yo pou yo nonme yon responsab legal pou veye sou timoun yo nan ka gen yon ijans, epi pou yon peryòd tan pwolonje - ki rive jiska 12 mwa. Sa a pral pèmèt paran yo gen menm plis tan pou yo simonte politik sòt gouvènman federal nou an yo, pou you rebran ekilib yo, epi reyini ak fanmi yo”.

Manm Asanble Ellen Jaffee te deklare, “Kominote divès nou yo ap pwospere gras a zansèt nou yo ki te wwayaje soti toupatou nan mond lan pou yo vin tabli gran eta New York la, epi nou pap vire do nou bay Nouvo Ameriken k ap vini nan peyi sa yo pou yo fè menm jan pou fanmi yo jodi a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap siyen lejislasyon sa a ki asire timoun imigran yo pral gen yon responsab legal pou pran swen yo si yo detni oswa depòte paran yo nan fason enprevi”.

Dènnye mezi sa a ajoute sou efò global eta a ap fè pou konteste politik enpitwayab “zewo tolerans” gouvènman federal la epi pwoteje timoun imigran yo. Gouvènè a, ansanm ak Pwokirè Jeneral Eta a Underwood [te anonse](#) yon pwosè plizyè eta ap antreprann ki gen 18 eta k ap konteste politik la. Apre [pwomès](#) Gouvènè Cuomo te fè 19 Jen an pou l entante yon pwosè a, New York te rejwenn yon pwosè Pwokirè Jeneral plizyè eta: Washington, Massachusetts, California, Maryland, Oregon, New Mexico, Pennsylvania, New Jersey, Iowa, Illinois, Minnesota, Rhode Island, Virginia, Vermont, North Carolina, Delaware ak Distri Columbia ap entante.

Anplis de sa a, lendi a, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke Eta New York pral:

- Deplwaye pèsònèl, resous ak sèvis pou founisè fanmi dakèy k ap pran swen timoun sa yo, ki gen ladan materyèl medikal.
- Ofri sèvis pou timoun imigran yo te retire nan etablisman yo pou mete yo ak manm fanmi yo, ki gen ladan edikasyon, sèvis sante mantal ak sèvis swen sante yo.
- Ofri menm sipò yo pou timoun yo te mete kay founisè fanmi dakèy prive ki nan New York la yo, ki gen ladan tou sila ki soti nan lòt eta yo.
- Mande HHS pou yo pibliye enfòmasyon sou tout timoun imigran san akonpayman ki nan Eta New York la yo, ki gen ladan yo sila yo te premye voye soti nan fwontyè a ale nan lòt eta yo avan yo te mete yo nan New York.
- Pran mezi pou sipòte reyinifikasyon familyal, ki gen ladan travay ak konseye jeneral ki nan etablisman yo pou ofri sipò imedyal.
- Ofri resous ak pwoteksyon pou ranfòse sekirite piblik nan etablisman k ap pran swen timoun imigran yo.

Apre entèdiksyon vwayaj Administrasyon Trump lan te mete a, Gouvènè Cuomo [te lanse](#) Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken yo, yon liy asistans gratis nan divès lang, ki ap asistans an dirèk nan plis pase 200 lang. Moun ki ap chèche asistans pou imigrasyon yo kapab rele 1-800-566-7636 pou ka jwenn sèvis legal gratis atravè Pwojè Defans Libète a.

Nenpòt moun ka rele liy asistans lan pou mande enfòmasyon ak referans, kèlkeswa estati sitwayènte oswa si yo genyen oswa pa gen papyè. Apèl yo fè nan liy asistans lan yo konfidansyèl epi yo anonim. Liy asistans telefonik la fonksyone ant 9 a.m. ak 8 p.m. (lè lès), depi nan lendi rive nan vandredi (eksepte nan jou ferye federal yo) epi se Sèvis Kominotè Catholic Charities yo (Catholic Charities Community Services) k ap jere l.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)